

BAB 1

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan, antara manusa, masarakat, jeung kabudayaan téh henteu bisa dipisahkeun, lantaran kabudayaan téh hirup kumbuh babarengan jeung kahirupan masarakat. Pon kitu deui, kabudayaan nu aya di tatar Sunda, unggal wewengkonna miboga rupa-rupa kabudayaan nu bisa jadi ciri has di éta tempat. Tatar Sunda minangka wewengkon nu kawilang euyeub ku rupaning kabudayaan, boh kabudayaan dina wangun lisan, boh dina wangun tulisan anu geus mekar ti jaman baheula. Salasahiji kabudayaan Sunda dina widang tinulis nyaéta karya sastra, contona saperti naskah drama.

Drama mangrupa karangan sastra anu midangkeun carita atawa lalakon nu ngagunakeun média dialog, diajangkeun pikeun dilakonkeun ku para pamaén (aktor) dina pagelaran atawa pintonan (Iskandarwassid, 2019, kc. 32). Nurutkeun Koswara (2010, kc.115) drama mangrupa karya sastra nu ngungkapkeun carita ngaliwatan dialog-dialog tokohna. Lian ti éta, Isnéndés (2018, kc.27) nétélakeun yén drama mangrupa karangan sastra nu mintonkeun hiji carita atawa lalakon dina wangun dialog. Drama téh lain ngan saukur ngawujud karya sastra tinulis, tapi bisa dipintonkeun atawa dipagelarkeun langsung di tempat terbuka boh dina panggung, boh dina tempat tertutup anu geus disadiakeun hiji panggung atawa tempat séjén nu bisa dipaké pikeun mintonkeun éta drama. Ruhaliah (2020, kc.171) nétélakeun yén drama téh kabagi jadi dua rupa dumasar cara mintonkeunana, aya nu disebut drama lisan jeung aya ogé nu disebut drama tinulis. Ayana drama tinulis di tatar Sunda téh sabada urang Sunda kapangaruhan ku bangsa Éropah.

Naskah drama mangrupa karya sastra nu eusina mangrupa kisah atawa caritaan, tur dilengkepan ku cara ngajelaskeun ngaran tokoh, dialog nu dikedalkeun ku unggal tokohna, kaayaan panggung, tata busana, tata lampu, jeung tata sora. Dina karya sastra drama tangtuna boga struktur ogé dina unggal wangunna. Kajian struktural mangrupa salasahiji pamarekan kasusastraan anu museur kana kajian hubungan antar unsur pangwangun dina karya sastra (Nurgiyantoro, 2013, kc. 36). Ku kituna bisa dicindekkeun yén naskah drama téh bisa diapresiasi kalayan nalungtik struktur sarta unsur-unsur pangwangunna. Nurutkeun Stanton (2012, kc.

20) struktur dina drama téh dipasing-pasing deui jadi tilu unsur, nyaéta téma, fakta carita (galur, tokoh jeung penokohan, latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, jeung gaya basa).

Minangka hiji karya anu bisa disebut kréatif, eusi dina karya sastra téh ilaharna bisa mangrupa ungkara pribadi manusa tina ideu-ideuna, pangalaman, jeung pikiran dirina. Sastra mangrupa éksprési husus pikeun méré sawangan pasualan manusiawi, sosial, atawa intéléktual (Luxemburg dina Koswara, 2013, kc 4). Dumasar éta hal, upama urang neuleuman jeung neleban karya sastra, aya ajén-ajén luhur anu bisa dicangking ku pamacana. Anapon ajén-ajén anu nyampak dina karya sastra di antarana ajén falsafah, ajén budaya, ajén kaagamaan, ajén didaktis, ajén psikologis, jeung ajén moral.

Dumasar hal anu geus ditétélakeun saméméhna, dina karya sastra ilaharna sok nyampak sababaraha ajén kahirupan. Kitu ogé dina ieu naskah drama, ngandung ajén-ajén kahirupan, salasihijina nyaéta ajén kaagamaan. Ajén kaagamaan mangrupa hiji hal anu rék ditepikeun ku pangarang ka pamaca sangkan bisa jadi cecekelan atawa padoman dina ngalakukeun hiji hal. Patali jeung ajén kaagamaan, anu disebut karya sastra réligius atawa nu sipatna kaagamaan téh, nyaéta karya sastra anu eusina nyangkaruk atawa ngandung simbol-simbol tur ajén-inajén kaagamaan di masarakat.

Dina mangsa kiwari, sawangan masarakat kana ajén kaagamaan téh geus mimiti kaléléd ku jaman. Ajén kaagamaan di lingkungan masarakat kiwari geus mimiti jarang dilarapkeun, padahal nilik kana prak-prakanana mah réa karya sastra nu ngandung ajén kaagamaanana nu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Ajén kaagamaan perlu pisan dilarapkeun ti mimiti lingkungan kulawarga, éta hal téh bisa jadi dadasar nalika urang ngalaksanakeun kagiatan dina kahirupan sapopoé.

Naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* mangrupa salasihiji naskah drama karya Rosyid É. Abby anu eusina téh ngandung ajén agama Islam. Ieu buku téh dipedalkeun taun 2022 ku PT. Kiblat Buku Utama. Ieu buku disebut ngandung ajén kaagamaan, lantaran eusi bukuna patali jeung tarékah manusa jaman harita dina nanjeurkeun agama Islam, kaasup kana ajaran agama Islam nu aya di jerona, teu weléh nyabit-nyabit ngeunaan pupujian jeung ajaran nu geus ditepikeun ku para nabi.

Aya sababaraha tiori nu patali jeung ajén kaagamaan ditilik dumasar sababaraha pamadegan para ahli. Salasahiji tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tiori Sudrajat, anu nyebutkeun yén ajén agama Islam téh bisa disawang tina cirina anu patali jeung sababaraha hal saperti aqidah, ibadah, jeung ahlak.

Ieu panalungtikan téh, lain panalungtikan nu munggaran, aya sababaraha panalungtikan saméméhna nu nalungtik ieu hal. Panalungtikan ngeunaan struktur jeung ajén agama Islam saméméhna di antarana: “Struktur jeung Ajén Moral dina Naskah Panti Jompo Karya Hidayat Suryalaga” ku Diva Irvia Nurseptyatami taun 2023; “Naskah Drama Badog Karya Dhipa Galuh Purba pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Drama di SMA (Ulikan Struktural)” ku Mohamad Fajar Harja Ramdhani taun 2023; ”Struktur jeung Ajén Agama dina Rumpaka Tembang Cigawiran” ku Isna Asri Rahmi taun 2018; ”Ajén Kaagamaan dina Naskah Wawacan Tauhidullah (Ulikan Filologi & Struktural)” ku Indriani Jaena taun 2023; jeung ”Ajén Kaagamaan dina Novel Prabu Anom Jayadéwata Karya Yoséph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMA (Ulikan Struktural)” ku Meina Rachmawati taun 2020.

Panalungtikan anu geus dilakukeun saméméhna téh boga sasaran, nyaéta dina ulikanna ngaguar ngeunaan struktur jeung ajén agama Islam. Sedengkeun anu ngabédakeun antara ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna, bisa ditilik tina objék panalungtikanna. Lian ti éta ieu naskah can aya anu nalungtik, hususna dina ngaguar ajén agama Islam nu aya dina ieu naskah drama. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “Ajén Agama Islam dina Naskah Drama Kasidah Cinta Al-Kubra Karya Rosyid É. Abby (Ulikan Struktural)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang nu dipedar saméméhna, dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun ku tilu patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* Karya Rosyid É. Abby?
- 2) Kumaha struktur naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* Karya Rosyid É. Abby?
- 3) Ajén agama Islam naon waé anu aya dina naskah drama *Kasidah Cinta AL-Kubra* Karya Rosyid É. Abby?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun maluruh struktur jeung ajén agama Islam nu aya dina naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* Karya Rosyid É. Abby.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis:

- 1) struktur carita naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* Karya Rosyid É. Abby;
- 2) struktur naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* Karya Rosyid É. Abby; jeung
- 3) ajén agama Islam nu aya dina naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* Karya Rosyid É. Abby.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan téh kabagi jadi opat mangpaat, nyaéta mangpaat tioritis, mangpaat tina segi kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat tina segi isu étik jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan, nyaéta ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan sastra Sunda, utamana naskah drama, jeung ajén agama Islam anu aya dina naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* karya Rosyid É. Abby.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Dina segi kawijakan, ieu panalungtikan téh boga mangpaat pikeun ngaronjatkeun tur ngamumulé warisan budaya jeung sastra Sunda, salasihijina nyaéta naskah drama. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep pamaréntah bisa leuwih ngaronjatkeun daya paniténa kana karya sastra.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan téh dipasing-pasing deui jadi opat bagian, di antarana:

- 1) Pikeun kamekaran élmu, bisa dipaké pikeun bahan référénsi panalungtikan ka hareupna.

- 2) Pikeun lembaga kasundaan, bisa ngeuyeuban deui hasil panalungtikan ngeunaan naskah drama.
- 3) Pikeun nu nalungtik, bisa nambahan élmu pangaweruh jeung wawasan ngeunaan pamahaman patali jeung kajian sastra, hususna ajén agama Islam dina naskah drama.
- 4) Pikeun masarakat, bisa dipaké pikeun nambahan pangaweruh yén karya sastra téh teu ngan saukur méré hiburan hungkul, tapi bisa ogé méré pangaweruh hususna ngeunaan ajén kaagamaan anu nyampak dina hiji karya sastra.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu Étik jeung Aksi Sosial

Mangpaat segi isu étik jeung aksi sosial, ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh masarakat kana naskah drama, hususna dina struktur jeung ajén agama Islam nu bisa dilarapkeun dina kahirupan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi kawangun ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan hal-hal nu patali jeung tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Dina ulikan tiori, eusina mangrupa tiori naskah drama, struktural, jeung ajén agama Islam.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan struktur carita, struktur naskah drama, jeung ajén agama Islam nu aya dina naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* karya Rosyid É Abby.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi dina ieu panalungtikan.